

## **DEC anonse Aplikasyon Entèdiksyon Sachè An Plastik nan New York k ap Kòmanse 19 oktòb 2020**

### **Eta a Ankouraje Nouyòkè yo adopte BYOBAGNY (Pote Pwòp Sachè ou)**

Komisyonè Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la, Basil Seggos te anonse jodi a ke, nan dat 19 oktòb 2020, DEC ap kòmanse aplikasyon entèdiksyon nan Eta a pou sachè transpò an plastik yon sèl itilizasyon yo. Entèdiksyon sachè an plastik yo, ki te antre anvigè 1ye mas, pa te aplike akòz yon akò ant pati yo nan yon pwosè ke Poly-Pak Industries, Inc., ak lòt te mennen devan Tribinal Lakou Siprèm Eta New York la.

**Komisyonè DEC an, Seggos, te deklare,** “Desizyon Tribinal la se yon viktwa ak yon jistifikasyon efò Eta New York ap antreprann pou mete fen nan touman sachè an plastik yon sèl itilizasyon yo, ak yon reprimann dirèk pou fabrikan sachè an plastik yo ki te eseye bloke lwa a ak règleman DEC pou mete li an aplikasyon. Jan nou te fè sa pandan anpil mwa, DEC ap ankouraje Nouyòkè yo pou yo chanje epi vin itilize sachè ki ka resèvi yo tout lè ak tout kote y ap achte, epi pou yo itilize prekosyon bon sans pou kenbe sachè ki ka resèvi yo pwòp. Tribinal la te deside, epi DEC ap kòmanse aplike entèdiksyon an nan dat 19 oktòb. Li lè pou adopte BYOBAGNY!”

Dapre yon òdonans Tribinal Lakou Siprèm Eta New York la, nan Konte Albany, DEC te aksepte pou bay pati yo ak Tribinal la avi davans omwen 30 jou anvan li kòmanse aplikasyon lwa a. DEC ap mennen aktyèlman yon gwo sansibilizasyon bò kote pati konsène yo, sa gen ladan makèt, detayan, ak lòt, pou bay avi konsènan kòmansman aplikasyon lwa a ak pou reponn kesyon yo genyen. Avèk kanpay #BYOBAGNY la ki te lanse nan kòmansman ane sa a, DEC kontinye ankouraje Nouyòkè yo pou yo itilize sachè ki ka resèvi yo tout kote ak chak fwa y ap achte. Genyen lòt enfòmasyon anplis [disponib sou sit entènèt DEC an](#) sou egzanpsyon pou entèdiksyon sachè an plastik yo, kesyon moun poze souvan, epi postè, depliyon, ak bann konsèy pou telechaje, ansanm ak konsèy pou kenbe pwòpte sachè ki ka resèvi yo.

Nouyòkè yo itilize apeprè 23 milya sachè an plastik chak ane — yo itilize chak sachè pandan apeprè 12 minit — epi apeprè 85 pousan nan kantite akablan sa a fini nan depotwa, machin resiklaj, dlo navigab ak lari yo. An mas 2017, Gouvènè Cuomo te kreye Gwoup Travay Eta New York pou Sachè an Plastik yo, avèk kòm prezidan Komisyonè DEC Seggos. Gwoup travay la te rankontre plizyè fwa pou devlope yon solisyon inifòm, konplè, ak ekitab pou defi fatra sachè an plastik yo. Rapò final la te analize enpak sachè an plastik yon sèl itilizasyon yo genyen, epi li te bay opsyon pou lejislasyon ki ta ka ede devlope yon solisyon nan tout Eta a. Anplis, apre adopsyon lwa sou Rediksyon Dechè Sachè an Plastik Eta New York la, DEC te òganize yon seri reyinyon avèk pati konsène yo nan endistri a toupatou nan Eta a pou envite kontribisyon piblik la, ak pou gide devlopman règ ak règleman ajans lan pou mete lwa a an aplikasyon.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou entèdiksyon sachè an plastik yo, sou sachè ki ka resèvi yo, oswa pou pote yon plent konsènan antite ki itilize sachè transpò an plastik yon sèl itilizasyon yo, vizite [sit entènèt DEC an](#), voye yon imèl bay [plasticbags@dec.ny.gov](mailto:plasticbags@dec.ny.gov), oswa rele nan (518) 402-8706.

Se Poly-Pak Industries, Inc., Green Earth Food Corp., Francisco Marte, Mike Hassen, ak Asosyasyon Bodega ak Ti Biznis nan Eta New York ki te mennen pwosè a devan Lakou Siprèm Eta New York. Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la te reprezante DEC nan pwosè a. Tribinal la te bay desizyon li sou dosye a nan dat 20 out 2020.

<https://www.dec.ny.gov/press/press.html>